14. Renzhong Peng, Rongrong Fu. The effect of Chinese EFL students' learning motivation on learning outcomes within a blended learning environment // Australasian Journal of Educational Technology. 2021. 37(6). -P. 175-192. -URL: https://doi.org/10.14742/ajet.6235.

15. Шемякина Е.Ю., Месяц В.А. Особенности мотивации и самооценки креативности студентов вузов при обучении в период пандемии covid-19 // Психология обучения. 2021. № 4. - С. 26-37.

16. Hosen M., Ogbeibu S., Giridharan B. et al. Individual motivation and social media influence on student knowledge sharing and learning performance: Evidence from an emerging economy // Computers & Education. - 2021. -Vol. 172. - URL: https://doi.org/10.1016Zj.compedu.2021.104262.

17. Islam S., Baharun H., Muali C. et al. To boost students' motivation and achievement through blended learning // Journal of Physics: Conference Series. - IOP Publishing, 2018. Vol. 1114. № 1. -P. 012046. - URL: https://doi.org/10.1088/1742-6596/1114/1/012046.

18. Bolatov A., Gabbasova A., Baikanova R. et al. Online or blended learning: the COVID-19 pandemic and first-year medical students' academic motivation // Medical Science Educator. - 2022. - Vol. 32. - № 1. - P. 221-228. - URL: https://doi.org/10.1007/s40670-021-01464-y.

19. Новикова Т. Н. Повышение уровня учебной мотивации студентов // Наука и образование сегодня. 2018. -№ 1(24). - С. 87-93.

20. Реан А. А. Психология и психодиагностика личности: теория, методы исследования, практикум. - СПб.: Прайм-ЕВРОЗНАК, 2006. –С. 255.

21. Фетискин Н. П., Козлов В. В., Мануйлов Г. М. Социально-психологическая диагностика развития личности и малых групп. - М.: Изд-во Ин-та психотерапии, 2002. –С. 488.

22. Наследов А. Д. IBM SPSS Statistics 20 и AMOS: профессиональный статистический анализ данных. - СПб.: Питер: 2013. –С. 413.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада табиий фанларни ўрганиш жараёнида техник ўқув олий ўқув юртлари талабаларининг таълим мотивациясини шакллантириш кўриб чиқилади. Замонавий таълим психологиясида таълим фаолияти учун мотивация муаммоси энг муҳимларидан бири сифатида тан олинган.Таълим фаолияти учун мотивация таълим фаолиятининг асосий мақсадларига муваффақиятли эришишнинг асосий омили сифатида қаралади. Шундай қилиб, таълим мотивацияси масаласи моҳиятан таълим фаолияти сифати масаласидир. Таълим фаолияти мотивлари кўп жиҳатдан талабанинг ўзига юкланган касбий вазифаларни ҳал қилишга муносабатини белгилайди ва касбий фаолият самарадорлиги учун зарур шарт-шароитларни яратади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается формирование учебной мотивации студентов технических вузов в процессе изучения естественных наук. В современной педагогической психологии проблема мотивации учебной деятельности признается одной из важнейших. Мотивация учебной деятельности рассматривается как главный фактор успешного достижения основных целей образовательной деятельности. Таким образом, вопрос учебной мотивации по сути является вопросом качества учебной деятельности. Мотивы учебной деятельности во многом определяют отношение студента к решению поставленных перед ним профессиональных задач и создают необходимые условия для эффективности профессиональной деятельности.

**SUMMARY.** The article examines the formation of educational motivation of students of technical universities in the process of studying natural sciences. In modern educational psychology, the problem of motivation for educational activities is recognized as one of the most important. Motivation for educational activities is considered as the main factor in the successful achievement of the main goals of educational activities. Thus, the issue of educational motivation is essentially a matter of the quality of educational activities. The motives of educational activities largely determine the student’s attitude towards solving the professional tasks assigned to him and create the necessary conditions for the effectiveness of professional activities.

## MEKTEP OQÍWSHÍLARÍNA EKOLOGIYALÍQ TÁLIM HÁM TÁRBIYA KÓNLIKPELERIN QÁLIPLESTIRIWDE GEOGRAFIYA PÁNINIŃ ÁHMIYETI

**A.S.Nurlanov –** *úlken oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar***:* ekologik madaniyat, ekologik inqiroz, tabiiy majmua, tabiiy resurslar, ratsional foydalanish, foydali qazilma boyliklar, inson omillari, mehnat resurslari, qishloq xo‘jaligi, qo‘riqxona, seminar, konferensiya.

**Ключевые слова:** экологическая культура, экологический кризис, природный комплекс, природный ресурсы, рациональное исползования, полезное ископаемые, человеческий фактор, трудовые ресурсы, сельское хозяйство, заповедник, семинар, конференция.

**Key words:** ecological culture, ecological crisis, natural complex, natural resources, rational use, mineral resources, human factor, labour resources, agriculture, reserve, seminar, conference.

Házirgi dúnya ellerinde ilimiy texnikalıq progrestiń rawajlanıwı nátiyjesinde qorshaǵan ortalıqta júz berip atırǵan ózgerisler adamlardıń oylanıwına waqıt qaldırmay atır. Jer júzinde xalıq sanınıń kóbeyiwi menen olardıń kúndelikli tutınıw tovarlarına, azıq awqat ónimlerine hám ishimlik suwlarına bolǵan talabınıń artıwı qorshaǵan ortalıqtıń tábiyiy baylıqlarınan aqılǵa muwapıq paydalanbawı, házirgi zaman óndirisiniń tábiyat resurslarına degen unamsız qatnasları qatar ekologiyalıq mashqalalardı keltirip shıǵarmaqta. Planetamızdıń hawa, topıraq, suw resursların qorǵaw hám onıń qáwipsizligin támiyinlewde ekologiyalıq mádeniyatlı áwladlardı tárbiyalap shıǵarıw menen ekologiyalıq mashqalalardı turaqlastırıwımız múmkin.

Aral teńiziniń qurıp qalıwı menen baylanıslı qorshaǵan ortalıqta ekologiyalıq krizistiń keskinlesiwi nátiyjesinde pútkil jámiyetshilik aldına ásirese mektepke shekemgi hám mektep jasındaǵı jaslarǵa ekologiyalıq bilim hám tárbiya beriwdi jetilistiriw menen jergilikli xalqımızdıń ekologiyalıq mádeniyatlılıǵın qáliplestiriw qusaǵan áhmiyetli wazıypalar búgingi kúnniń aktual máselelerinen esaplanadı.

Prezidentimiz Sh. Mirziyoev BMSh nıń 2017-jılı 19-sentyabrde bolıp ótken 72-sessiyasında sóylegen bayanatında «Búgingi kúnniń eń awır ekologiyalıq mashqalalarınan biri – Aral krizisine jáne bir márte dıqqatıńızdı qaratpaqshıman. Mine, meniń qolımda – Aral apatshılıǵı súwretlengen karta. Oylawımsha, buǵan artıqsha túsindirmeniń keregi joq. Teńizdiń qurıwı menen baylanıslı aqıbetlerdi saplastırıw xalıqaralıq kólemindegi isháreketlerdi birlestiriwdi talap etpekte. Biz BMSh tárepinen Aral apatshılıǵınan jábir kórip atırǵan xalıqlarǵa ámeliy járdem kórsetiw boyınsha usı jılı qabıl etilgen arnawlı dástúr tolıq ámelge asırılıwınıń tárepdarımız» [1] deb atap ótken edi.

Bilimlendiriw tarawında engizilgen jańa dástúr talaplarına muwapıq ulıwma bilimlendiriw mekteplerinde hár bir oqıw predmetiniń mazmunın jergilikli tábiyat hám jámiyetimizdiń turmıs talaplarına baylanıslı qayta dúzilip jańa sabaqlıqlar jaratılmaqta. Oqıw procesiniń ekologiyalıq baǵdarları hám oqıwshılardıń biliw iskerligin aktivlestiretuǵın zamanagóy usıl hám metodlardan paydalanıw bul tálimde eski usıllardı jańalaw menen mektepler kelesheginiń tiykarǵı baǵdarların belgilewshi oqıtıwdıń metod-

ologiyalıq hám pedagogikalıq ideyaları jámlengen jańa kompleksin payda etedi.

Jas óspirimlerde tábiyatqa bolǵan unamlı qatnasıqlardı qáliplestiriw bul uzaq waxıttı talap etetuǵın quramalı sociallıq-pedagogikalıq process bolıp, úlkemiz xalqınıń ekologiyalıq mashqalaları keskinlesken jaǵdayında jasawına baylanıslı olardıń ekologiyalıq mádeniyatın asırıwda geografiya pániniń áhmiyeti kúshli. Geografiya páni basqa predmetlerge qaraǵanda ekologiyalıq tálim hám tárbiyanıń nátiyjeliligine erisiwde úlken múmkinshiliklerge iye. Planetamızdıń qáwipsizligi hám keleshegi ushın ekologiyalıq mádeniyatlı jas áwladlardı tárbiyalap hám oqıwshılardıń ekologiyalıq sawatlılıǵın qáliplestiriw tájiriybeli oqıtıwshılardıń wazıypalarına júklenedi.

Geografiyanı oqıtıwda ekologiyalıq bilimlendiriwdıń mazmunın bayıtıw menen birge onıń tárbiyalıq funkciyaların jaratıwǵa ayrıqsha itibar berilip, ekologiyalıq bilim alıwdıń búgingi kúni hámme ushın zárúr bolǵan kónlikpelerdi payda etew áhmiyetli.

Oqıwshılardıń ekologiyalıq sawatlılıǵın qáliplestiriwde tek ǵana ekologiya tiykarları boyınsha bilimler emes al ekologiyalıq mashqalalardı qabıl etiw, tábiyatqa keltirilgen zıyanlardı qaplaw, aldın alıw boyınsha iskerlik qabiletlerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Mektep jasındaǵı balalar sharayatında bilim hám qızıǵıwshılıq penen birge oqıwshılardıń erki, qásiyetleri, oy-pikirlerin rawajlandırıwshı tábiyiy ortalıqtı qorǵaw iskerliklerine baǵdarlaw bolıp tabıladı [2] .

Tábiyiy geografiya kursında jer hám onıń geografiyalıq qabıqlarınıń óz-ara qatnası, rawajlanıw nızamlıqları oqıwshılarǵa jámiyet hám insan qatnasıqları, qorshaǵan ortalıqta tábiyat komponentleriniń óz-ara baylanıslı rawajlanıwı haqqında bahalı pikirler beriledi. Bul kurstıń Atmosfera, Litosfera, Gidrosfera, Biosfera hám qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı, ekologiyalıq mashqalaları haqqında temaları oqıwshılardıń geografiyalıq qabıqtıń insan ómiri ushın áhmiyetin túsinip, ekologiyalıq dúnyaǵa kózqarasın qáliplestiriwde úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye.

Materikler hám okeanlar tábiyiy geografiyasın úyreniwde, materik tábiyat zonalarındaǵı topıraq, ósimlik hám hayўanat dúnyasınıń óz-ara baylanıslı rawajlanıwı, tábiyattı qorǵaw temalarına úlken dıqqat qaratıladı. Bul temalarda materiktegi tábiyat zonalarında júz berip atırǵan ekologiyalıq mashqalalar, tábiyattı qorǵaw boyınsha islenip atırǵan ilajlar, milliy baǵlar hám zapovednikler haqqında maǵlıwmat toplap, pikirlep ekologiyalıq oylaw iskerlikleri qáliplesedi.

Oqıwshılarda qorshaǵan ortalıqtı asırap saqlaw, tábiyiy resurslardı qorǵaw qabıletlerin rawajlandırıwda birinshiden, oqıwshılardıń qorshaǵan ortalıq haqqında túsiniklerin qáliplestiriwimiz kerek bolsa, ekinshiden tábiyattı qorǵaw hám onıń áhmiyeti haqqında tábiyiy hádiyseler, pikirler juwmaqlar tiykarında oqıwshılardıń qorshaǵan ortalıqqa qatnası boyınsha jańa ideyalardı qáliplestiriwimizge boladı.

Geografiyanı oqıtıwda jeke hár tárepleme rawajlanǵan ekologiyalıq mádeniyatlı insanlardı tárbiyalaw ushın ózi jasap turǵan ortalıq haqqında bahalı bilim dereklerin biliwi zárúr. Házirgi waqıtta jámiyetimizdiń islep shıǵarıwshı kúshleriniń jergilikli qazılma baylıqlardıń territoriyalıq jaylasqan ornın úyreniw hám onı territoriyalıq shólkemlestiriw máselelerine áhmiyet kúsheymekte. Kópshilik jaslar úlkemizdiń tábiyiy resursları hám paydalı qazılma baylıqlarınıń óndiris muǵdarı haqqında maǵlıwmatlardı biliwi menen sheklenip ózleri jasap atırǵan tábiyiy komplekslerge adam iskerliginiń tásiri hám úlkemizdegi tábiyattı qorǵaw jumıslarınıń nelerden ibarat ekenligi haqqında keń túsiniklerge itibar bermeydi. Usı maqsette geografiyanı oqıtıwda tábiyat hám jámiyet qatnasıqların úyreniw menen birge oǵan tásir etetuǵın insan faktorların tereńirek úyreniwdi talap etedi. Mısalı, Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası kursında adam faktorın miynet resursları retinde úyreniw menen sheklenbey, onıń tábiyiy, ekonomikalıq hám sociallıq mashqalalarǵa qatnasın itibarlı úyreniwdi talap etedi.

Qaraqalpaqstannıń tábiyiy geografiyasın úyreniwde úlkemiz tábiyiy komponentleriniń házirgi ekologiyalıq keskinlesken jaǵdayın tereńirek analizlep tábiyat hám ondaǵı teńsalmaqlılıqtıń buzılıwı adam iskerligine, turmısına tásirin ańlap tabiyattı kóz qarashıǵınday asırap saqlawǵa hám adamlardıń tábiyatqa tuwra qatnasta bolıw kerekligin úyrenedi.

Qaraqalpaqstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyasın úyreniwde áhmiyetli wazıypalarınıń biri bul ózleri jasap turǵan úlkemizdiń territoriyalıq dúzilisi haqqında hám onıń tábiyiy resurslarınan xalıq mápine aqılǵa muwapıq ilimge tiykarlanǵan usıllarda racionallı shólkemlestirip paydalanıw máselelerin oqıwshılardıń sanasına sińdirip tárbiyalaw múmkinshiliklerine iye.

Dunya ellerinin ekonomikalıq hám sociallıq geografiyasın úyreniwde oqıwshılardı dunya júziniń hár qıylı regionlarında qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwın hám ekologiyalıq mashqalalardıń kelip shıǵıw jaǵdayları menen tanıstırıp, olardı sheshiwdin utımlı jolların izleniwdi úyrenip Aral teńizi suwınıń qurıwı nátiyjesinde payda bolǵan ekologiyalıq daǵdarıstıń jámiyetimizdiń óndiriwshi kúshleri bolǵan adamlardıń sociallıq hám ekonomikalıq rawajlanıwına keri tásirin ańlap, ózlerinde tábiyatqa bolǵan qayırqomlıq, tábiyiy resurslardan únemli paydalanıw qasiyetlerin payda etiw menen birge, mashqalalardı sheshiwge hár bir insannıń xızmeti zárúr ekenligin ańlaydı. Mısalı, házirgi waqıtta dunya júzi boyınsha 2,7 mıńnan aslam iri qorıqxana hám milliy parkler shólkemlestirilgen. Olardıń kópshiligi rawajlanǵan ellerde yaǵnıy AQSh, Germaniya, Kanada, Yaponiya, Avstraliya mámleketlerinde jaylasqan [3]. Bul mamleketlerde jasawshı xalıqlardıń tábiyatqa bolǵan qatnası, mádeniyatı, tiri jánliklerdi biykarǵa joq etpew, ósimliklerdi, otlaq jaylawlardı, suwlardı, toǵaylardı asırap saqlaw qusaǵan jumısları xaqqında oqıtıwshınıń bahalı tásirli gúrrińleri menen kórgizbeli jumısları arqalı oqıwshılarda ekologiyalıq madeniyatlılıqtı rawajlandırıwǵa múmkinshilik jaratadı.

Oqıwshılardıń dóretiwshilik jumıslarıda úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye, mısalı: ekologiyalıq plakatlar, súwretler, bukletler, gazetalar, ekologiyalıq sawatlılıqtı rawajlandırıwǵa qaratılǵan tematikalıq proektler, ekologiyalıq temalarda shıǵarmaları, balalardıń hár qıylı maǵlıwmat dereklerin salıstırıwǵa, tábiyat hám tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw boyınsha analizlep, oylap, óz pikirlerin aytıp beriwge májbúrleydi [4].

Mektepte geografiya sabaǵınıń tárbiyalıq xarakteri utımlı bolıwı ushın oqıtıwshı menen oqıwshı arasında pikirlesiw, talqılaw, sheshim qabıl etiw h.t.b. jumıslarda erkin teń huqıqlı járiyalılıq principinde bolıwı kerek. Bunday principte oqıtıwdıń sáwbetlesiw, seminar, konferenciya hám disput jumısları maqsetke muwapıq ótedi. Biziń úlkemizdiń ekologiyalıq mashqalalarına arnap disput yamasa seminar shólkemlestiriwge boladı. Mısalı, 1) Aral teńizi suwınıń qurıwı menen payda bolǵan ekologiyalıq jaǵdaylar Respublika xalqınıń den sawlıǵına, turmısına qalay tásir etip atır, 2) Aral teńizi tásir etetuǵın regionda ekologiyalıq teń salmaqlılıqtı saqlap qalıwdıń áhmiyetli jumısları nelerden ibarat, 3) Úlkemizde xalqımızdı sapalı azıq awqat ónimleri menen támiynlewde awıl-xojalıǵında qanday jumıslar alıp barılıp atır. 4) Bugingi kúni xalıqtıń salamat turmıs tárizin qáliplestiriwde qanday ilajlar hám sheshimler ámelge asırılıwı kerek hám t.b.

Bunda oqıtıwshı búgingi kungi real mashqalalı jaǵdaylardıń sheshimine oqıwshılardıń oylaw iskerliklerin baǵdarlap bul mashqalalardı sheshiwdi hár biriniń qatnasıwı zárúr ekenligine tolıq isenimin oyatadı. Házirgi geografiyalıq bilimlendiriwdıń maqseti oqıwshılardıń dúnyaǵa kózqarasın keńeytiw hám rawajlandırıw menen birge jer betindegi jasawshı hár bir xalıqlardıń tábiyat penen qatnası haqqında erkin oylap geografiyalıq pikirlep,

baha bere alatuǵın ekologiyalıq mádeniyatlı insanlardı tárbiyalap shıǵarıwdan ibarat. Mektep geografiyasın oqıtıw menen onıń tárbiyalıq jumısların ekologiyalıq baǵdarda paydalanıp utımlı shólkemlestirsek oqıwshılarda tómendegi ekologiyalıq hám tárbiyalıq wazıypaların qáliplestiriwge imkaniyat jaratadı.

- Tábiyat hám jámiyet arasındaǵı baylanıs hám onıń adamlar iskerligine, turmısına tásirin ańlaw;
- Qorshaǵan ortalıqtaǵı suw, hawa, topıraq resurslarınıń pataslanıw dereklerin analizlep olardıń aldın alıw ilajların biliw;
- Ilimiy geografiyalıq oylaw, pikirlew arqalı geografiyalıq bilim hám ekologiyalıq kónlikpelerdi payda etiw;
- Tuwılǵan ana watanına, óz úlkesi tábiyatına bolǵan mehir-aqıbet hám súyispenshilikti oyatıw;
- Elimizdiń tábiyiy baylıqlarına únemli qatnas jasaw arqalı olardı asırap saqlaw hám aqılǵa muwapıq paydalanıwdıń jolların biliwi;
- Úlkemizde ekologiyalıq krizislerge baylanıslı joq bolıp baratırǵan ósimlik hám haywanat dúnyasın asırap qalıwdıń itimallı ilajların izlew;
- Oqıwshılardıń geografiyalıq dunyaǵa kózqarasın keńeytiw arqalı ekologiyalıq mádeniyatlılıǵın qáliplestiriw.

Jaslardıń ekologiyalıq mádeniyatlılıǵın qáliplestiriwshi bunday juwapkerli waziypalardı keń jámiyetshilik penen birge tabıslı sheshsek ǵana biziń keleshegimizdi belgileytuǵın geografiyalıq sawatlı, ekologiyalıq mádeniyatlı keleshek áwladlardı tárbiyalap shıǵarıw menen Respublikamızda júz berip atırǵan ekologiyalıq daǵdarıstı turaqlastırıwǵa ılayıqlı úles qosqan bolamız.

## Ádebiyatlar

1. Mirziyoyev Sh.M. 2017-jıl 19-sentyabrde BMShnıń 72-sessiyası májilisindegi sózge shıǵıwı.
2. Кошелева В.Л. Экология и нравственность. // «Общественные науки и современность». 1993. №1.
3. Четверная конференция министров Окружающая среда для Европы". Государства Центральной Азии: Оценка окужающей среды. –Дания: Орхус, июнь, 1998.
4. Кучер Т.В. Экологическое образование учащихся в обучении географии. -М.: «Просвещение», 1990.

**REZYUME.** Ushu maqolada Orol dengizi bilan bog‘liq Qoraqalpog‘iston Respublikasida ekologik inqirozning murakkablashuvi bu hududlardagi tabiiy atrof muhitning o‘zgarishiga asosan, xalq xo‘jaligining barcha sohalariga salbiy ta’sirini ko‘rsatmoqda. Ishda Qoraqalpog‘iston sharoitida maktab o‘quvchilariga ekologik ta’lim va tarbiya ko‘nikmalarini shakllantirishda geografiya fanining ahamiyati ko‘rsatilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В связи с высыханием Аральского моря экологическая катастрофа на территории Республики Каракалпакстан усугубилась и привела к негативным изменениям в окружающей среде, а также существенно повлияла на все отрасли экономики. В данной статье рассматривается роль географии в формировании экологического образования и навыков у школьников Каракалпакстана.

**SUMMARY.** Due to the drying up of the Aral Sea, the ecological disaster on the territory of the Republic of Karakalpakstan has aggravated and led to negative changes in the environment, and significantly affected all sectors of the economy. This article considers the role of geography in the formation of environmental education and skills in schoolchildren of Karakalpakstan.

# KOMILLIKGA INTILAYOTGAN YOSH AVLODDA IJTIMOIY EZGU SIFATLARNI SHAKLLANTIRISHNING PEDAGOGIK IMKONIYATLARI

**T.A.Pazilov –** *pedagogika fanlari bo‘yicha falsafa doktori*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch so‘zlar:** odamzod, og‘zaki adabiyot, ijod, urf-odat, folkloristik asar, madaniy yodgorlik, etnopedagogika, tarbiya, milliylik.
**Ключевые слова:** человечество, устное народное творчество, творчество, традиции, фольклорные произведения, памятник культуры, этнопедагогика, воспитание, национальность.
**Key words:** humanity, folklore, creation, traditions, folklore comositions, cultural monument, ethnopedagogy, education, nationality.

Mustaqil O‘zbekiston Respublikasida ijtimoiy turmush sharoitlari, har bir insonning mustaqil rivojlanishiga bo‘lgan talablarining amalga oshirilishi, birovning mehnatidan sitamgarlik bilan foydalanishning yo‘qligi, o‘quv va mehnat ishlash uchun hammaga teng imkoniyatlarning berilishi, mehnatiga qarab haq to‘lash imkoniyatlari – III Renessans davriga mos o‘sib, har tomonlama rivojlanib borayotgan yosh avlodga ijtimoiy ezgu sifatlarni shakllantirishga keng imkoniyatlar yaratib berdi.

Tarbiya – maqsadga muvofiq keladigan ijobiy tendensiyalarni va jamiyatdagi tarbiyaviy imkoniyatlarni har tomonlama rivojlantiradi va takomillashtiradi. Chunki, “tarbiya – har bir shaxsda muayyan bir jismoniy, ma’naviy, axloqiy sifatlarni shakllantirishga qaratilgan amaliy pedagogik jarayon; insonning jamiyatda yashashini ta’minlash uchun zarur bo‘lgan aqliy-jismoniy, badiiy-estetik va axloqiy-ma’naviy xususiyatlarini shakllantirishga yo‘naltirilgan choralar kompleksi” [3:248]. Aniqroq qilib aytganda, tarbiya “...shaxsda muayyan jismoniy, ruhiy, axloqiy, ma’naviy sifatlarni shakllantirishga qaratilgan amaliy pedagogik jarayon” [4:25]. Xususan, taraqqiy etayotgan Mustaqil O‘zbekiston sharoitida tarbiya bugungi kunda jamiyatimiz tomonidan qo‘yilayotgan talablarni qanoatlantirish bilan birga, bo‘lg‘usi hayotga intilib yashaydigan, III Renessans davrida yashovchi yangi avlodni shakllantirishni maqsad qiladi. Shuning uchun ham o‘zining intiluvchanligi, ertangi kunga yo‘naltirilganligi bilan yurtimizda olib boriladigan tarbiyani “komil inson tarbiyasi” deb ataydi.

Pedagogik ensiklopediyada ko‘rsatilishicha “O‘zbekistonda komil insonni tarbiyalash uchun ijtimoiy, siyosiy, iqtisodiy, ma’naviy, tashkiliy vazifalar davlat siyosatining eng muhim ustuvor yo‘nalishi etib belgilangan. O‘zbekiston mustaqillikka erishgach, komil insonni voyaga yetkazish milliy istiqlol mafkurasining asosiy vazifalaridan qilib qo‘yildi” [5:183]. Ushbu vazifalarning hayotga tatbiq etilishida tadqiqotchilar komil insonning ijtimoiy-psixologik xususiyatlari va uning tarbiyasi, komil inson tarbiyasida individning o‘ziga xos kuchlarining paydo bo‘lishi va rivojlanishi, komil inson tarbiyasining pedagogik asoslarini, komil inson tarbiyasida faol turmush tarzini va uning dunyoqarashlarini shakllantirish masalalari har tomonlama tadqiq qilindi.

Insonning jamiyatda shaxs sifatida shakllanishiga, ijtimoiy va axloqiylikka bog‘liq bo‘lgan va komil inson tomonidan nazarda tutilgan fikrlar – jamiyatimizning kelajagi uchun yashashga va harakat qilishga, o‘zining shaxsiy, nihoyatda ahamiyatli sanalgan turmushi uchun kurashishga qobiliyatining bor ekanligidan darak beradi.

Hozirgi zamon pedagogikasida komil insonni takomillashtirish muammosi uch aspektda o‘rganiladi:
– har tomonlama rivojlanish yoki yetuklik;
– bir maqsadga yo‘naltirilganlik;
– garmonik.

Har tomonlama rivojlanish yoki yetuklik odamning muvaffaqiyatli mehnat qilishini, ijtimoiy munosabatlarini, ma’naviy dunyosini, barcha ijtimoiy sharoitlarni o‘zida mujassam etadi. Bir maqsad sari yo‘naltirilganlik – shaxsning o‘z sa’y-harakatlarini doimiy turdagi turmush maqsadlariga bo‘ysuntirishi, maqsad yo‘lida tayyor turishini takomillashtirib borishi nazarda tutiladi. Garmonikda esa odamning ichki dunyosi mazmunining, shaxsning mustaqil rivojlanishiga proporsional tarzda